**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–21.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अगुवाई मे बनल एनडीए सरकारक छब्बीस मंत्री सभक बिच आइ विभागक बंटवारा कऽ देल गेल। भाजपा के पहिल बेर गृह विभाग भेटल अछि। उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी गृह विभाग देखताह। ओतहि, उप–मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा भूमि आ राजस्व विभाग संग–संग खान आओर भूतत्व विभागक मंत्री बनाओल गेलाह अछि। संगहि मंगल पांडेय के स्वास्थ्य विभाग देल गेल अछि। पहिल बेर मंत्री बनल राष्ट्रीय शूटर श्रेयसी सिंह के खेल विभागक मंत्री बनाओल गेल अछि। रामकृपाल यादव के कृषि विभाग, नितिन नवीन के पथ निर्माण विभागक जिम्मेदारी देल गेल अछि। ओतहि, दिलीप जायसवाल उद्योग मंत्री, सुरेन्द्र मेहता के पशु आ मत्स्य संसाधन विभाग, नारायण प्रसाद के आपदा प्रबंधन विभाग, श्रीमती रमा निषाद के पिछड़ा वर्ग आ अति पिछड़ा वर्ग कल्याण विभाग, श्री लखेन्द्र पासवान के एससी–एसटी कल्याण विभाग आओर प्रमोद चन्द्रवंशी के सहकारिता विभागक संग–संग पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन विभाग सौंपल गेल अछि।

एम्हर, जदयूक बिजेन्द्र यादव वित्त विभागक संग–संग ऊर्जा विभागक मंत्री बनल छथि। श्रवण कुमार–ग्रामीण विकास विभाग, अशोक चौधरी–ग्रामीण कार्य विभाग, लेसी सिंह–खाद्य आ उपभोक्ता विभाग, मदन सहनी– समाज कल्याण विभाग, सुनील कुमार– शिक्षा विभाग आओर जमा खान के अल्प संख्यक कल्याण विभागक जिम्मेदारी भेटल अछि। ओतहि, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास सँ संजय सिंह के लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग, संजय पासवान के गन्ना उद्योग विभाग देल गेल अछि। संगहि संतोष सुमन के लघु जल संसाधन विभाग आओर दीपक प्रकाश के पंचायती राज विभाग मंत्री बनाओल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे राज्यक एनडीएक सरकार बिहारक विकासक संकल्पक संग काज करत। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार जनौलनि जे केन्द्र सरकारक मददि सँ राज्य सरकार विकासक पथ पर अग्रसर अछि। ओ उम्मीद जतौलनि जे

बिहारक लोक सभक मददि आओर आशीर्वाद सँ राज्य विकसित राज्यक श्रेणी मे जुड़ि जायत।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे बिहारक नव एनडीए सरकार एक एहेन बढ़िया टीम अछि जे राज्य के नव उंचाई पर लऽ जाओत। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे नीतीश कुमार एक कुशल आओर अनुभवी प्रशासक छथि आओर हुनक निक ट्रैक रिकॉर्ड रहल अछि। प्रधानमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा के सेहो बधाई दैत जनौलनि जे दुनू नेता लऽग जनसेवाक बेसी अनुभव छनि। श्री मोदी उम्मीद जतौलनि जे मंत्रिमंडलक सभ सदस्यक सामूहिक प्रयास सँ बिहार प्रगति पथ पर आगूं बढत।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर नीतीश कुमार के दसम बेर बिहारक मुख्यमंत्री बनला पर बधाई देलनि अछि। श्री ठाकुर आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे मुख्यमंत्री बिहारक सदिखन विकस कऽ रहल छथि। ओ जनौलनि जे आइ बिहार मे शिक्षा, रोजगार, अपराध आओर पलायनक स्थिति मे बदलि भेल अछि। श्री ठाकुर जनौलनि जे बिहारक जनताक आशीर्वाद मुख्यमंत्रीक संग छनि।

———————————————————————

एम्हर, भाजपा नेता सैयद शाहनवाज हुसैन जनौलनि जे बिहार लोक सभ एनडीए के प्रचंड जीत दिया कऽ पैघ जिम्मेदारी देलनि अछि। श्री हुसैन आइ दिल्ली मे जनौलनि जे हमरा सभ के लोक सभक उम्मीद पर खड़ा उतरबाक अछि। ओ जनौलनि जे नव सरकार मे बढ़िया मंत्रिमंडल बनाओल गेल अछि, जाहि मे अनुभव आओर युवा जोशवाला नेता सभ सेहो छथि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पाटी रामविलाकस अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि जे विपक्ष चुनाव मे हारि स्वीकार करबाक बदला भोट चोरी आओर एसआईआर पर

ठेकरा फोड़ि रहल अछि। श्री पासवान आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे हुनक पार्टी सेहो हारि सँ उबरल अछि आओर हम सभ विनम्रता सँ हारि के स्वीकार कयने छी।

———————————————————————

विधानसभा चुनाव मे हारिक बाद प्रदेश कांग्रेस मे उठा–पटक चलि रहल अछि। टिकट बांटय सँ असंतुष्ठ पार्टी कार्यकार्ता सभ आइ पटनाक सदाकत आश्रम प्रदेश कार्यालय जाकऽ हल्ला–गुल्ला आओर खुब नारा लगौलनि। कार्यकर्ता सभ जनौलनि जे खराब उम्मीदवार सभ के टिकट देल जयबाक कारण पार्टी के बेसी नोकसान भेल। एम्हर, बिहार महिला कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष सरवत जहां फातमा अपन पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जून खड़गे के पठाओल चिट्ठी मे फातमा पार्टी नेतृत्व आओर बिहार कांग्रेसक शीर्ष नेता सभ पर गंभीर आरोप लगौलनि अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जनौलनि जे अगिला एक बरख सीमा सुरक्षा बल–बीएसएफ के आधुनिकीकरण आओर बलक कर्मी सभक कल्याण लेल समर्पित होयत। श्री शाह गुजरातक भुज मे बीएसएफक हीरक जयंती स्थापना दिवस समारोह के सम्बोधित करैत जनौलनि जे गृह मंत्रालय बीएसएफ के विश्वक सभ सँ आधुनिक आओर आक्रामक बल बनेबाक लेल पाँच सालक लक्ष्य राखलक अछि। एहि मौका पर श्री शाह जनौलनि जे देशक सभ घुसपैठी के बाहर करबाक लेल केन्द्र सरकार संकल्पित अछि। ओ जनता सँ निर्वाचन आयोग दिस सँ मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण काज मे पूरा मददि करबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————

समाप्त भेल।